

# **Enfòmasyon sou Vaksen Johnson & Johnson / Janssen pou COVID-19**



## **Li vrèman enpòtan pou w pran vaksen an.**

Vaksen COVID-19 lan pwoteje nou pou nou pa mouri kont COVID-19 epi pou nou pa pran maladi grav ki ka koz nou entène lopital.

Risk pou pran on enfeksyon ki koz pa COVID-19 epi pou malad grav pi gran pase risk pou nenpòt efè segondè ki nan twa vaksen yo.

Ou ka gendwa tande ke ak tout vaksen COVID-19, gen yon posibilité ou ka gen on efè segondè 1-3 jou apre ou fin pran vaksen an. Efè sa yo pap menase lavi w.

On lot bagay ou te ka tande se ke moun ki ap pale de jan vaksen J&J/Janssen ka kòz yon kalite boul nan san. Boul san an, li vrèman ra. Wi, tout sa yo ka fe moun pè, men li enpòtan pou moun konnen ke efè segondè sa pa komen.

Risk pou jwenn boul san sa yo pou fi ki gen laj ant 18 ak 49 se on chans sou 1 nan 80,000. Risk sa a pi ba pase risk pou kontra COVID-19.

Sentòm yo pa parèt imedyatman, men yo ka rive 4 a 30 jou apre on moun fin resevwa vaksen an. Reyakson ki komen apre 2 a 3 jou apre ou fin pran vaksen an (maltèt, lafyèv, doulè, frison, eksetera) pa endike boul san yo ki ra. Sentòm pou boul san ra yo enkli:

- Gwo maltèt
- Chanjman vizyèl
- Doulè nan vant
- kè plen ak vomisman
- Do fè mal
- Souf anlè
- Doulè nan janm oswa anflamasyon
- Tache rouj sou po, ematom fasil, oswa senyen

**Si ou santi sentòm sa yo apre ou fin pran vaksen an, chèche atansyon medikal.**

### **Bagay ou dwe konsidere ....**

- Si ou se yon fi ant laj 18 ak 60 an, made ki opsyon ou ka genyen.
- Konsidere lòt vaksen si yo disponib (Pfizer oswa Moderna).
- Asire ou ka jwenn dezyèm dòz la nan kèk semèn.
- Benefis ki gen nan pran vaksen kont COVID-19 yo pi plis pase risk potansyèl nan vaksen an.
- Pran vaksen COVID-19 la pou rete an sante e an sekirite.

# **Pran Vaksen An!**